

Kisa Ou Ka Fè pou W Konbat COVID-19

TÈS




Konnen Kondisyon W. Jwenn tè s COVID-19 ak tè antikò gratis.

RETRASE



Reponn apèl Pwofesyonèl ki la pou retrase kontak yo pou ede w kanpe pwopagasyon COVID-19 nan kominote w la.

PRAN SWEN



Izole w an sekirite pou w pwoteje lòt yo ak pran swen w nan yon otèl oswa nan kay.

NYC Test & Trace Corps angaje l pou l pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon pèsònèl ak sante w. Tout enfòmasyon nou resevwa yo konfidansyèl epi pwoteje dapre Kòd Sante Vil New York la. Test & Trace Corps la pa pral poze okenn kesyon sou sitiyasyon imigrasyon pèsòn.

NYC
HEALTH+
HOSPITALS

Test & Trace
Corps

Pran Swen pou w Pwoteje Tèt ou ak Pwoteje Moun Ou Renmen yo Kont COVID-19 la

Izole w an sekirite nan yon Chanm Otèl Prive ki Gratis.

Si yo dyagnostike ke w gen COVID-19 oswa ou te an kontak ak yon moun ki teste pozitif, ou kapab kalifye pou yon chanm otèl pandan peryòd separasyon ou pou pwoteje pwòch ou yo epi kenbe yo an sekirite.

Otèl Pran Swen yo san danje, konfòtab ak pratik. Tout sèvis yo gratis. Nou akeyi timoun tou.

Si w chwazi pou w izole w nan pwogram Pran Swen Nan yon Otèl la, sa pa pral afekte okenn lòt avantaj w ap resevwa yo. Otèl ki nan pwogram Pran Swen yo pa pral afekte kapasite w pou aplike pou rezidans pèmanant (grinkat). Anplis, yo P AP konsidere tretman medikal oswa sèvis swen sante prevantif ki gen rapò ak COVID-19 pou aplikasyon chaj piblik la.

Sèvis sa yo bay GRATIS nan Otèl ki nan Pwogram Pran Swen yo:

- Transpò ale-retou soti nan otèl la pou rive nan nenpòt randevou medikal ki nesèsè yo
- Chanm ak douch prive
- Tès COVID-19 sou plas
- Wi-Fi ak kab televizyon gratis
- Apèl telefonik lokal san limit pou w rete konekte
- Dejene, manje midi, ak dine chak jou*
- Sèvis entèprèt
- Livrezon medikaman
- Sèvis sipò swen sante sou plas ki bay pa doktè ak enfimyè ki kalifye
- Telesikyatri pou jwenn aksè ak eskpè founisè swen sante mantal yo



Rezève chanm ou an jodia.

Rele **1-212-COVID19**

(1-212-268-4319)

oswa al gade nan testandtrace.nyc

NYC
HEALTH+
HOSPITALS

Test & Trace
Corps

*Manje yo ap prepare selon rejim alimantè chak moun